



IFISHE YOKUGWIZA IMIBUTOY'IBIJUMBU

I. Intangamarara

Imibuto y'ibijumbu irakunda kubura mugatasi (mukwezi kw'icenda) inyuma y'uruzuba rwinshi. Muntumbero yokugumana imibuto no kuyirwiza, haratowe ubuhinga butuma harwizwa mukanya gato imibuto y'ibijumbu. Ubwo buhinga bukoreshwa kubiterwa vy'ibijumbu canke imyumbati.

II. Akaranga k'umubuto


Umubuto wogutera uva kubiterwa biviyibushye, bitagira igwara.



Ishusho 1: Umubuto mwiza wo gutera (Ibubafu), Umubuto ugwaye ifunya

Mugutera umubuto, nivyiza gutora igihimba gihereza (umutwe) ugizwe n'amafundo 3 (cm20-30).

Uwo mubuto umera ningoga ugereranije n'umubuto wokuntango y'igiterwa c'ikijumbu. Vyongeye, umutwe ntangwara uba ufise.



Ishusho 2: Umubuto wogutera ufise amafundo atatu, uburebure cm20 canke 30

Mugihe umubuto ari muremure, nivyiza gufata umubuto uhereye ku cm 15 uvuyemw'imerero ry'ikijumbu.

III. Gutegura ipikiniyeri

Ipikiniyeri yokugwiza imibutoy'ibijumbu ifise m 1,20 m'ubwaguke na m 5 mu burebure. Ipikiniyeri yokugwiza imibuto y'ibijumbu ishirwa iruhande

y'amazi kugira ivomerwe vyoroshe. Isi y'umusenyi ivanze n'ibumba niyo ibereye kurwirizamwo imibuto y'ibijumbu. Ipikiniyeri ibwirizwa kuduzwa hejuru nka cm20. Bivanye n'uburyohe bw'isi, ipikiniyeri irafumbirwa ukoresheje amase y'ikirundi (kg 5 kw'ipikiniye rya m²5) na angeri yitwa ire (g100 kw'ipikiniyeri).

IV. Gutera mw'ipikiniyeri

Imibuto ifise amafundo 3 (cm 20) itegwa ku cm10x20, amafundo 2 arazikwa mukuzimu.

Ipikiniyeri ivomerwa kabiri kumusi (mugatondo no kumugoroba) na cane cane mumisi yambere kugira isi yo muri pikiniyere ntiyume. Iyohashushe cane, Ipikiniyere irafukwa/igitutu n'ubwatsi kugira bagabanye itakara ry'amazi mw'isi nokubiterwa.



Ishusho 3: Gutera imibuto mw'ipikiniyeri y'ibijumbu

Birabujijwe gutwikira cane ipikiniyere canke kugumiza ipikiniyere umwanya munini (urenga indwi 2) mugitutu kuko ibiterwa bica birefuka bikagoyagoya. Ipikiniyere ibwirizwa gukingirwa ivyonyi.



Ishusho4: Itegurwa ry'ipikiniyere yokugwiza imibuto y'ibijumbu

Mugihe hakanye cane ipikiniyeri barayifuka n'isashe yera kugira yongereze ubushuhe.



Ishusho 5: Ipikiniyeri y'ibijumbu ifukishijwe isasheyera

V. Gutunganya ipikiniyeri

Ipikiniyeri irabagarwa mugihe cose habonetsemwo ivyatsi, ikagenzurwa, hakarandurwa igiterwa cose kirwaye hanyuma bigahambwa. Harasubirizwa ibitameze canke ivyaranduwe kugira ugumane imibuto 50 ku m². Harakenewe kugenzura ko imibuto ifutswe neza kandiko igumye ifutswe inyuma yokuvomera.

VI. Iyimbura

Iyimbura ry'imibuto iba inyuma y'indwi 6 canke 8 bivanye naho itewe.

Iyimbura riba mugitondo canke kumugoroba kugira imibuto ntiyume canke ngo ite amazi menshi. Umubuto uciribwa ku cm15 uvuye mwimerero ry'igiterwa kugira ugwanye ikwiragizwa ry'igwara y'ibugwe.



Ishusho6: Imibuto y'ibijumbu igeze kwimbura

Imibuto irashobora kubikwa mugitutu gushika kumasaha 2 imbere yo gutwarwa aho ibwirizwa guterwa. Mugihe ipikiniyeri itunganijwe neza, ishobora kw'imburwako incuro 3.

VII. Kubika imibuto

Imibuto ibwirizwa guterwa inyuma y'iyimbura ryayo. Mugihe bidakunze ko iterwa bivuye kw'isi itaratunganywa canke imibuto iva kure, ishobora kubikwa imisi 2 canke 3. Nivyiza gukurako amababi ugasigaza make yiyo kwisonga ry'umubuto. Imibuto ishobora gutekerwa mumiganda ufukishijwe n'igitambara canke umufuko utose. Iyo miganda ibikwa mugitutu. Imibuto ishobora guhambwa mw'isi iri musu yigitutu, 2/3 bikazikwa mukuzimu. Mugihe imizi imeze, umuntu yokwitonda mugihe cogutera kugira iyo mizi igume ikomeye.